



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 12 avril 2012

GOUVÈNÈ CUOMO PIBLIYE YON DEKRÈ EGZEKITIF POU KREYE ECHANJ ENFÒMASYON SOU AVANTAJ ASIRANS SANTE NAN ETA A

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye yon Dekrè Egzekitif pou kreye yon Echanj Enfòmasyon sou Sante, yon pwojè k ap fè anpil rediksyon nan depans pwoteksyon pou moun, ti biznis ak gouvènman lokal yo. Y ap finanse Echanj lan nèt avèk lajan gouvènman federal la, epitou Echanj lan pral enpòtan nan kreye yon mache konparezon pou premye fwa pou bese pri asirans sante. Avèk rediksyon pri asirans lan, echanj lan ap ede tou plis pase yon milyon Nouyòkè ki pa gen asirans jwenn mwayen pou peye pou pwoteksyon asirans.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Rezilta yo sèke kreyasyon echanj enfòmasyon sou avantaj asirans sante sa a pral diminye pri asirans sante pou ti biznis yo, gouvènman lokal yo, ak chak Nouyòkè toupatou nan eta a. Gwo pri asirans nan New York lakòz biznis yo kite eta a, epitou sa anpeche Nouyòkè ki pa touche ase lajan yo jwenn mwayen pou peye pwoteksyon asirans ki nesèsè pou yo. Kreyasyon echanj enfòmasyon sou avantaj asirans sante a ap pote vrè konpetisyon nan mache swen sante a, pou fè pri yo bese toupatou nan eta a.”

Si New York pa kreye yon Echanj, gouvènman federal la ap pran mezi pou sa, epi l ap kreye yon Echanj ki opere sou plan federal nan eta a, pou ka respekte Lwa sou Swen Sante ki pa Chè.

Jan Lwa sou Swen Sante ki Pa Chè egzije sa, Echanj lan ap endepandan sou plan finansye, san li pa egzije sibvansyon eta a, anvan 1ye janvyè 2015.

Echanj lan ap pèmèt Nouyòkè yo jwenn pwoteksyon asirans sante, epitou l ap fasilite acha ak lavant plan sante ki kalifye nan eta sa a. Answit, Echanj lan ap pèmèt ti biznis ak moun ki kalifye yo resevwa kredi taks sou prim yo ak rediksyon patisipasyon yo nan depans yo.

Answit, Echanj lan pral ekonomize anpil milyon dola chak ane pou kontribiyab New York yo. Pou fè sa, l ap ede konekte Nouyòkè yo avèk biznis yo nan asirans sante y ap mete disponib dapre Lwa sou Swen Sante ki pa Chè. Pou kounye a, gouvènman eta a ak gouvènman lokal yo peye plis pase \$600 milyon dola chak ane pou fè depans nan swen sante pou moun ki pa gen asirans yo. Yo voye depans ki pa ranbouse yo ba moun yo ak ti biznis yo, pou ajoute yon lòt \$800 dola nan prim sou yon depans mwayen yon fanmi chak ane.

Haitian Creole

Avèk Echanj lan ak sibvansyon yo nan taks ki pral disponib kòm yon rezilta Lwa sou Swen Sante ki pa Chè, moun k ap achte pwoteksyon asirans yo dirèkteman pou kounye a ap wè depans yo bese a 66 pousan. Echanj lan ap pèmèt ti biznis yo diminye depans yo tou. Kòm yon rezilta ogmantasyon depans swen sante, plis kantite ti biznis pa gen mwayen pou achte pwoteksyon asirans sante pou travayè yo. Avèk Echanj lan, ti biznis yo ap wè depans pou bay anplwaye yo asirans bese a 22 pousan.

Dekrè Egzekitif la prevwa pral gen komite konsiltatif k ap gen ladan sipòtè konsomatè, reprezantan konsomatè ti biznis, founisè swen sante, ajan, koutye, konpayi asirans, sendika travayè, ak nenpòt lòt moun ki konsène pou bay yo konsèy epi pou yo fè rekòmandasyon sou kreyasyon ak operasyon Echanj lan, tankou rekòmandasyon sou faktè rejyonal enpòtan yo. Komite konsiltatif yo ap bay posiblite pou piblik la fè remak yo.

Patricia Boozang, ki nan Coalition of New York State Public Health Plans, di konsa, “Nou bat bravo pou kalite dirijan Gouvènè Cuomo nan kreyasyon yon echanj enfòmasyon sou avantaj asirans sante – New York kapab vanse kounye a avèk devlopman yon Echanj k ap satisfè bezwen eta a, epi k ap pote plis pwoteksyon asirans ki pa chè pou sitwayen ak ti biznis New York yo.”

Joan Parrott-Fonseca, Direktè AARP New York State, di konsa, “Gouvènè Cuomo merite lwanj Nouyòkè yo jodi a poutèt li siyen yon Dekrè Egzekitif pou kreye yon Echanj Enfòmasyon sou Avantaj Asirans Sante pou sitwayen eta a. Aksyon li a ap ede anpil milyon Nouyòkè ki pa gen asirans ak fanmi yo jwenn bon kalite pwoteksyon asirans sante ki pa chè, epi l ap kreye fason pou Eta New York chèche lòt finansman federal pou devlope Echanj lan.”

Karen Scharff, Direktè Egzekitif Citizen Action of New York, di konsa, “Nou bat bravo pou kalite dirijan Gouvènè a poutèt li asire Nouyòkè yo jwenn aksè nan bon kalite pwoteksyon asirans sante ki pa chè. Pandan moman ekonomik difisil sa yo, aksè nan bon kalite swen sante ki pa chè pi enpòtan pase anvan. Avèk kreyasyon Echanj Enfòmasyon sou avantaj asirans sante New York, plis pase 1 milyon moun ki pa gen pwoteksyon asirans pral genyen, epitou depans yo ap redui a apeprè 66% pou moun yo, epi a apeprè 22% pou ti biznis yo.”

Kenneth E. Raske, Prezidan Greater New York Hospital Association, di konsa, “Echanj Enfòmasyon sou avantaj asirans sante se mwayen kote plis pase yon milyon Nouyòkè espere jwenn pwoteksyon asirans sante apati ane 2014. Nou sipòte aplikasyon Echanj lan kòm yon fason pou soulaje kriz ki genyen kounye a pou moun ki pa ka jwenn swen sante paske yo pa gen asirans.”

Donald Distasio, Direktè Jeneral American Cancer Society of New York and New Jersey, di konsa, “Apeprè 10,000 moun ki gen kansè epi ki pa gen asirans nan New York ap tann soulajman an sou fò yon echanj enfòmasyon sou avantaj asirans sante. Gras ak dekrè egzekitif sa a Gouvènè Cuomo adopte a, New York se yon etap enpòtan ki pi pre pou ofri vrè èd la. American Cancer Society di Gouvènè Cuomo mèsè poutèt li pran mezi enpòtan sa a sou echanj lan.”

David Klein, Direktè Jeneral Excellus Blue Cross Blue Shield, di konsa, “Nou bat bravo pou kalite dirijan Gouvènè a poutèt li kreye pwòp Echanj Enfòmasyon sou avantaj asirans sante li pou New York ki respekte lwa federal, epi ki pral finalman ofri yon mwayen ki pa chè pou ede konsomatè yo achte asirans

Haitian Creole

sante, si echanj lan operasyonèl kòm sadwa. Nou di mèsì sitou pou Gouvènè Cuomo poutèt li rekonèt diferans rejyonal yo avèk kreyasyon konsèy konsiltatif rejyonal yo, epitou pou nesese pou evite jiridiksyon kontwòl doub ki pa nesese.”

Elisabeth R. Benjamin, Vis-Prezidan pou Health Initiatives at the Community Service Society of New York, ak youn nan fondatè Health Care for All New York, di konsa, “Fanmi ak ti biznis New York yo bat bravo pou kalite dirijan ak detèminasyon Gouvènè Cuomo poutèt li pibliye Dekrè Egzekitif enpòtan sa a pou otorize yon echanj enfòmasyon sou avantaj asirans sante. Sa se pi bon plan nou pou New York ki dwe kòmanse pou diminye depans san kontwòl pou swen sante, epitou l ap ede moun, fanmi ak ti biznis ki toujou ap chèche jwenn asirans sante ki pa chè epi ki pi bon kalite.”

Kevin Finnegan, Direktè Politik 1199SEIU, di konsa, “Gouvènè Cuomo pran bon desizyon an pou mete anplas yon Echanj Enfòmasyon sou avantaj asirans sante nan eta a pou ede asire plis pase yon milyon Nouyòkè ki pa gen asirans yo jwenn pwoteksyon asirans sante ki pa chè epi ki konplè. Akòz kalite dirijan Gouvènè a, fanmi ak moun k ap travay yo nan eta a pral ekonomize anpil lajan. Nou di Gouvènè a mèsì poutèt li rekonèt gwo ogmantasyon depans pou swen sante te mete yon gwo restriksyon sou Nouyòkè klas mwayèn nan ak klas popilè a, epitou poutèt li alatèt lansman Echanj sa a.”

Men Dekrè Egzekitif la anba la a:

Nimewo 42

DEKRÈ EGZEKITIF

KREYASYON NOUVO ECHANJ ENFÒMASYON SOU AVANTAJ ASIRANS SANTE

ALÒSKE, aplikasyon yon Echanj Enfòmasyon sou Avantaj Asirans Sante ak lòt refòm nan New York ap: (1) pèmèt pi piti prim asirans pou moun yo ak pou ti biznis yo; (2) pèmèt moun yo ak ti biznis yo achte pwoteksyon asirans nan Echanj lan pou yo resevwa \$2.6 milya dola nan kredi taks federal ak nan sibvansyon kontribisyon nan depans yo; epi (3) bay yon lòt milyon Nouyòkè aksè nan asirans sante ki pa chè epi ki konplè, pou redui pousantaj Nouyòkè ki pa gen asirans sante;

ALÒSKE, yon eta ki chwazi pou opere pwòp Echanj li dwe montre ba gouvènman federal la, anvan 1ye janvyè 2013, Echanj li a ap kapab kòmanse aksepte aplikasyon anvan 1ye oktòb 2013, epi Echanj lan ap operasyonèl anvan 1ye janvyè 2014, epi si eta a pa montre preparasyon operasyonèl Echanj li, sitwayen eta a ap gen obligasyon pou patisipe nan yon Echanj federal;

ALÒSKE, Eta New York nan pi bon pozisyon pou: (1) konprann divizyon operasyon yon Echanj sou mache asirans komèsyal New York; (2) konsidere sèl bezwen rejyonal ak ekonomik mache asirans sante pou moun ak ti biznis eta; (3) konsidere divèsite popilasyon li, avèk diferans etnik, kilti ak lang li; epi (4) deside ki avantaj y ap ofri pou moun ki antre nan plan Echanj lan, ki plan sante ki kapab patisipe nan

Echanj lan, ki règ ki ta dwe aplike nan mache pwodui plan sante yo, epi kijan pou opere Small Business Health Option Program (“SHOP”) pou ti biznis yo;

ALÒSKE, Lwa sou Swen Sante ki pa Chè egzije pou gen yon Echanj pou evalye kalifikasyon moun yo pou Medicaid ak pou lòt pwoteksyon sante piblik, epi pou antre yo nan si yo kalifye, sa ki vle di l ap enpòtan pou kowòdone operasyon Echanj lan avèk administrasyon Eta a nan pwogram sa yo;

ALÒSKE, kontribiyab Eta a sibvansyone depans ki asosye avèk swen sante pou 2,7 milyon Nouyòkè ki pa gen asirans sante, ki pran swen pou prekosyon ak lòt tretman ki nesèsè souvan, sa ki mete yo nan risk pou yo vin pi malad pandan tout lavi yo, epi pou yo mouri pi bonè pase moun ki gen asirans sante, ki detounen lajan nan lòt itilizasyon piblik, epi ki koute kontribiyab eta a ak konte a plis pase \$600 milyon dola chak ane senpleman pou peye yon pòsyon sèvis yo bay nan lopital pou moun ki pa gen asirans;

ALÒSKE, fanmi k ap travay nan New York epi ki pa gen asirans yo souvan touche twòp lajan pou yo kalifye pou asirans sante piblik, men ki pa ase pou yo achte pwoteksyon asirans ki koute anmwayèn plis pase \$1.200 pa mwa pou yon moun, ak \$3.450 dola pa mwa pou yon fanmi kat (4) moun;

ALÒSKE, ti biznis yo, san asistans, pa gen mwayen pou achte pwoteksyon asirans sante pou anplwaye yo, prèske 800.000 ladan yo pèdi pwoteksyon patwon yo finanse nan dènye peryòd dizan an, epi poutèt sa yo nan yon gwo dezavantaj konpetitif ki anpeche yo gen mwayen pou ogmante, kreye djòb, ak sipòte devlopman ekonomik Eta a;

ALÒSKE, depans ki asosye avèk swen sante pou moun ki pa gen asirans yo chanje nan pi gwo prim asirans pou moun ak gwoup ki achte pwoteksyon asirans sante, sa ki lakòz fanmi k ap travay ki gen asirans sante yo peye \$800 anplis nan prim yo anmwayèn chak ane;

ALÒSKE, devlopman ak operasyon yon Echanj nan New York p ap egzije depans nan Eta a, men ap finanse nèt avèk lajan federal jouk nan dat 1ye janvyè 2015, nan moman lè Echanj lan ap finanse tèt li poukont li nèt, sa ki vle di yo p ap itilize lajan kontribiyab Eta a oswa konte pou rezon sa yo; epi

ALÒSKE, li enpòtan pou Eta New York kreye ak opere pwòp Echanj li, epi pou li fè sa san pèdi tan;

KOUNYE A, KIDONK, Mwen, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, akòz otorite Konstitisyon an ak Lwa Eta New York ban mwen, òdone sa ki endike anba la a:

1. Gen kreyasyon nan Depatman Sante, yon fason ki respekte Lwa sou Swen Sante ki pa Chè, Echanj Enfòmasyon sou Avantaj Sante nan New York (“Echanj” lan). Depatman Sante, nan tèt ansanm avèk Depatman Sèvis Finansye an ak lòt ajans Eta a, dwe pran tout mezi ki nesèsè pou fè Echanj lan, epitou pou fasilite posiblite li pou fè fonksyon sa yo nesèsè pou aplike kondisyon yo, epi reyalize objektif Lwa sou Swen Sante ki pa Chè.

2. Echanj lan fèt pou, pami lòt bagay, fasilite enskripsyon nan pwoteksyon asirans sante a, epi acha ak lavant plan sante kalifye sou chak mache apa nan eta sa a, epi pou enskri moun yo nan pwoteksyon asirans sante yo kalifye pou jwenn yon fason ki respekte lalwa federal.
3. Echanj lan fèt pou, pami lòt bagay, pran mezi ki nesèsè pou pèmèt moun ki kalifye yo resevwa kredi taks nan prim asirans yo ak rediksyon kontribisyon nan depans yo, epitou pou pèmèt ti biznis kalifye yo resevwa kredi taks, yon fason ki respekte tout lwa federal ak lwa ak règleman eta a ki anvigè.
4. Echanj lan fèt pou, pami lòt bagay, fè kontra avèk gwoup apwopriye yo, tankou men pa sèlman, ajans federal, ajans eta ak ajans lokal, nan limit ki nesèsè pou satisfè obligasyon ak responsablite yo, depi kontra sa yo bay pwoteksyon konvnan anrapò avèk konfidansyalite nenpòt enfòmasyon ki divilge.
5. Echanj lan fèt pou, pami lòt bagay, reyini komite konsiltatif rejyonal yo ki gen ladan sipòtè konsomatè, reprezantan konsomatè ti biznis, founisè swen sante, ajan, koutye, konpayi asirans, sendika travayè, ak nenpòt lòt moun apwopriye ki konsène pou bay konsèy epi pou yo fè rekòmandasyon sou kreyasyon ak operasyon Echanj lan, tankou rekòmandasyon sou faktè rejyonal enpòtan yo, epitou li dwe bay posiblite pou remake piblik la sou zafè enpòtan yo.
6. Echanj lan fèt pou, pami lòt bagay, vin endepandan sou plan finansye anvan 1ye janvyè 2015, selon egzijans Lwa sou Swen Sante ki pa Chè.
7. Yo pa dwe entèprete anyen nan Dekrè sa a kòm yon dekrè ki diplike, la anvan, ranplase oswa limite oswa mete restriksyon sou otorizasyon legal, obligasyon ak fonksyon Depatman Sante, Depatman Sèvis Finansye, oswa nenpòt lòt ajans Eta sa a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil Albany, nan douzyèm jou mwa avril nan ane de mil douz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418